

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa wangun éksprési seni anu bisa nepikeun émosi jeung pangalaman manusa. Di Indonésia, hususna dina hanasah sastra Sunda, rumpaka kawih mindeng ngagambarkeun perasaan jeung pangalaman hirup manusa sacara umum. Album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya mangrupa salasahiji objék anu ngirut panalungtik pikeun dianalisis, utamana dina kontéks réprésentasi wanoja.

Wanoja mindeng disanghareupkeun kana rupa-rupa tangtangan jeung stéréotip anu ngawatesan éksprési dirina. Sanajan aya kamajuan dina kasajajaran *gender*, norma, jeung ajén budaya nu masih mangaruhan sawangan ka para wanoja sarta kumaha ditibanan hiji masalah. Dina kontéks ieu, karya sastra jadi média anu éféktif pikeun ngébréhkeun pangalaman wanoja, émosi wanoja, sarta méré sora pikeun nepikeun rasa anu mindeng dipopohokeun.

Salasahiji cara wanoja pikeun ngaréprésentasikeun perasaan jeung pangalaman hirupna nya éta ngaliwatan karya sastra, anu mangrupa wangun éksprési budaya anu beunghar ku harti jeung émosi. Dina karya sastra klasik jeung modérn, réa karya anu ngaréprésentasikeun pangalaman jeung perasaan individu, utamana dina kontéks *gender*. Salasahiji *genre* anu matak ngirut panalungtik pikeun dianalisis nya éta kawih, anu mangrupa wangun puisi (sajak) anu mindeng ngébréhkeun perasaan jeung pangalaman hirup, utamana dina ngaréprésentasikeun wanoja.

Islamia (dina Indriyani, 2024, kc. 2) nétélakeun yén salasahiji wangun karya sastra anu mindeng ngébréhkeun eusi haté atawa perasaan panyajak nya éta puisi (sajak). Dina puisi (sajak), panyajak bébas ngébréhkeun pikiranana ngaliwatan runtuyan kekecapan anu éndah. Ieu hal luyu jeung karakteristik anu diungkarakeun ku (Isnendes 2010, kc. 22) yén puisi nya éta karangan anu basana dirakit ku wirahma, kauger ku diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa lain cara basa sapopoé.

Sacara umum karya sastra dibagi jadi tilu wangun, nya éta 1) prosa 2) puisi 3) drama. Tilu wangun *genre* sastra ieu gelar ngaliwatan (medium) lisan jeung tulisan. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Iskandarwassid (dina Pramanik, 2013) anu nétélakeun yén lamun nilik kana médiana, aya nu kagolongkeun kana sastra lisan jeung tinulis. Disebut karya sastra lisan lantaran tumuwuhna, mekarna, jeung sumebarna ngaliwatan média lisan (ucapan), disebut karya sastra tinulis lantaran hirupna dina média tulis.

Salasahiji karya sastra anu gumelar ngaliwatan lisan téh nya éta kawih. Dina jihat ulikan struktural jeung féminisme, kawih bisa diulik minangka téks anu nyimpen struktur simbolik anu ngagambarkeun peran-peran *gender* di masarakat Sunda. Ku kituna, perlu dilaksanakeun panalungtikan kalawan ulikan struktural jeung féminisme pikeun ngungkabkeun struktur simbolis nu aya dina karya sastra kawih.

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1985) kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh, kawih téh lalaguan Sunda bébas, anu henteu kauger atawa kaiket ku aturan, boh laguna, boh rumpakana. Hal ieu ngamungkinkeun seniman pikeun ngaéksprésikeun kréativitasna sacara fléksibel, nepikeun perasaan, carita, atawa kritik sosial. Ku cara kitu, kawih jadi média anu kuat pikeun komunikasi budaya, ngaréprésentasikeun karagaman budaya Sunda, sarta ngahudang rasa mikacinta kana warisan sastra lokal di kalangan generasi ngora.

Anu disebut rumpaka téh nya éta karya sastra anu disusun ngagunakeun rakitan basa nu éndah sarta ngandung harti anu jero. Rumpaka ngagunakeun struktur basa nu tangtu, ngagambarkeun émosi, pangalaman, atawa gagasan, nu dihias ku gaya basa nu tangtu. Karya sastra digunakeun pikeun nepikeun pesen atawa ide ngaliwatan cara anu leuwih jero, béda jeung cara komunikasi sapopoé. Ieu hal luyu jeung anu diungkarakeun ku Saputra (dina Ulfah, spk, 2023) anu nétélakeun anu disebut rumpaka téh nya éta éksprési batin hiji jalma ngeunaan hal anu kaciri, kadéngé, sarta kaalaman.

Rumpaka kawih mangrupa perasaan panyajak anu diébréhkeun ngaliwatan tulisan jeung lisan (Indriyani, 2024). Rumpaka kawih dina dasarna saluyu jeung sajak, lantaran nepikeun pesen ngagunakeun basa anu éndah. Nurutkeun Erlangga (dina Indriyani, 2024, kc. 3) rumpaka kawih mibanda dua harti, nya éta (1) karya sastra anu eusina ébréhan rasa pribadi, jeung (2) runtuyan kawih. Tina pamadegan

ieu bisa dicindekkeun yén rumpaka kawih mangrupa seni sora jeung basa anu miboga tujuan pikeun ngébréhkeun rasa pribadi.

Salasihiji rumpaka kawih anu ditalungtik nya éta rumpaka kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya. Dewi Azkiya, anu ngaran lengkepna Dewi Susanti Azkiya, nya éta panyanyi pop Sunda anu gumelar di Bandung, 7 Juni 1980. Dewi Azkiya kawéntar ku sorana anu has sarta kamampuhna pikeun nepikeun rasa ngaliwatan musik. Album “Kagoda”, anu diproduksi ku Valentino Jaya Abadi ngirut perhatian pamiarsa ku sabab émosi anu beunghar dina unggal rumpakana. Ngaliwatan karya-karya dina album “Kagoda”, Déwi Azkiya mampuh ngaréprésentasikeun pangalaman émosi wanoja, saperti cinta, kuciwa jeung harepan, anu kagambar dina rumpaka-rumpakana. Ngaliwatan ieu album, Dewi Azkiya lain saukur némbongkeun bakat musikna, tapi ogé kamampuhna pikeun nyerep sarta ngébréhkeun rasa nu jero ngaliwatan musik Sunda.

Rumpaka kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya dipilih jadi objék panalungtikan, lantaran dianggap euyeub ku nuansa émosi anu ngaréprésentasikeun rasa jeung pangalaman wanoja. Rumpaka kawih dina ieu album lain saukur nyaritakeun pangalaman cinta nu mindeng jadi téma umum dina musik, tapi ogé ngébréhkeun émosi séjénna nu mindeng dipopohokeun, saperti kuciwa, harepan, jeung perjuangan nu aya dina kahirupan wanoja. Dina unggal kawihna, pangarang ngébréhkeun rasana ngaliwatan kecap-kecap anu nyentug kana jiwa, ngagambarkeun kaayaan batin anu dipangaruhan ku rupa-rupa kaayaan sosial jeung pribadi. Fénoména ieu saluyu jeung prinsip dasar dina karya sastra, nya éta seni dijadikeun media pikeun ngébréhkeun émosi anu kadang hésé diéksprésikeun sacara langsung.

Salian ti éta, pamarekan féminisme bisa mantuan pikeun nilik kumaha wanoja diréprésentasikeun dina karya sastra, kaasup rumpaka kawih. Sacara umum féminisme nya éta idéologi nu ngabébaskeun wanoja. Ieu hal luyu jeung pamadegan anu diungkapakeun ku Suharto (dina Kamil, 2023) anu nétélakeun yén féminisme téh nya éta gerakan wanoja pikeun meunangkeun kabébasan ogé pikeun nangtukeun nasib sorangan. Féminisme bisa digunakeun minangka eunteung pikeun nganalisis kumaha posisi wanoja digambarkeun dina kahirupan.

Rumpaka kawih anu ngandung unsur féminisme salasahijina nya éta kawih anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya dina album “Kagoda”. Dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya, aya hal pentingna émosi wanoja anu digambarkeun ngaliwatan rumpaka kawih. Émosi anu diréprésentasikeun dina kawih album “Kagoda” ngagambarkeun rasa anu timbul waktu wanoja ngalaman prosés batin pikeun nangtukeun jati diri jeung hak-hakna, minangka bagian tina gerakan féminisme. Émosi dina psikologi ngawengku sakabéh jenis perasaan nu kaalaman ku hiji jalma, kayaning ambek, sedih, kabagjaan, sieun, jeung sajabana (Martin, 2023). Dina kontéks album “Kagoda”, émosi wanoja digambarkeun ngaliwatan rumpaka kawih anu ngagambarkeun rasa dina lalampahan batin wanoja, saperti rasa ambek jeung sedih alatan kateuadilan, ogé rasa bagja jeung kakuatan waktu ngalaman kabébasan jeung kasajajaran.

Pentingna ieu panalungtikan nya éta usaha pikeun ngébréhkeun kumaha wanoja diréprésentasikeun dina karya seni, ogé kumaha ieu panalungtikan ngaréprésentasikeun réalitas sosial anu leuwih lega. Ku cara nganalisis rumpaka kawih dina album “Kagoda”, dipiharep bisa kapanggih pola-pola tangtu anu némbongkeun kumaha posisi wanoja dina kontéks budaya jeung sosial, ogé kumaha émosi maranéhanana diébréhkeun ngaliwatan média musik.

Tina jihat basa, sastra jeung budaya, ieu panalungtikan miboga rélevansi anu signifikan pikeun kapentingan pangajaran jeung atikan. Ngaliwatan analisis karya sastra lisan saperti kawih, siswa bisa maham kana ngagunakeun basa anu beunghar jeung simbolis, sarta kumaha basa ngagambarkeun ajén-inajén budaya jeung sosial. Salian ti éta, ulikan sastra ieu bisa ngeuyeuban pamahaman siswa ngeunaan idéntitas gender jeung peran sosial, sarta ngadorong siswa pikeun mikir kritis ngeunaan réprésentasi wanoja dina budaya.

Dina kontéks atikan, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun numuwuhkeun kasadaran pentingna émosi jeung pangalaman wanoja dina karya sastra seni. Ku maham kana réprésentasi émosi wanoja dina rumpaka kawih, siswa dipiharep bisa leuwih ngajénan kana rupa-rupa pangalaman manusa sarta nguatkeun rasa émpati ka batur. Ku kituna, ieu panalungtikan lain saukur kontribusi kana studi akademik, tapi miboga poténsi pikeun ngaronjatkeun kualitas atikan

jeung kasadaran budaya di kalangan nonoman Sunda jaman kiwari.

Supaya dina ngaguar pamarekan féminisme anu aya dina éta rumpaka leuwih anteb, perlu dianalisis heula ulikan struktural pangwangun éta rumpaka. Culler (dina Anwari, 2016) nétélakeun yén saupama hayang maham sajak, kudu merhatikeun heula hubungan atawa patalina unsur-unsur minangka bagian tina sakabéh éta sajak.

Ieu panalungtikan téh lain anu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan saméméhna anu kungsi ngaguar ngeunaan rumpaka kawih di Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda UPI, di antarana panalungtikan anu dilaksanakeun ku Niknik Dewi Pramanik (2013) kalayan judul “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang (Ulikan Struktural-Sémiotik jeung Ajén Moral)”, Rizky Prasasti Anwari (2016) kalawan judul “Kajian Struktural jeung Ajén Sosial kana Rumpaka Lagu Pop Sunda Karya Doel Sumbang”. Dina taun anu sarua aya panalungtikan séjén ngeunaan rumpaka kawih, nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Dimas Patria (2016) kalawan judul “Lirik Kawih Kliningan Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung (Tilikan Stuktural, Semiotik, dan Etnopedagogik)”. Tuluy dina taun 2023 aya ogé panalungtikan ngeunaan rumpaka kawih anu ditalungtik ku Aprilia Sutri Ningrat kalawan judul “Rumpaka Kawih Album *Wiwitan Puji* pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X: Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan”. Anu pamungkas nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Noorca Aburahman (2023) kalawan judul “Toponimi dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural).

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna miboga sawangan anu béda boh dina objék anu ditalungtik boh hal anu ditalungtikna. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Réprésentasi Wanoja dina Rumpaka Kawih Album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya, (Ulikan Struktural jeung Féminisme)” ieu téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah nu bisa ditaji ngaliwatan ieu panalungtikan.

- a. Kumaha struktur rumpaka kawih dina album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya?
- b. Kumaha réprésentasi wanoja dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya ngagunakeun pamarekan féminisme?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung husus, anu rék ditétélakeun di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis kumaha wanoja digambarkeun dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya, kalawan ngagunakeun ulikan struktural jeung féminisme. Ieu panalungtikan bakal ngabahas ngeunaan harti naon waé anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda” ngaliwatan pamarekan féminisme sarta ulikan struktural pikeun ngulik unsur-unsur puisi (sajak) jeung simbol-simbol anu aya dina rumpaka kawih album “Kagoda”.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis hal-hal ieu:

- 1) ngaidéntifikasi struktur rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya;
- 2) ngadéskripsikeun réprésentasi wanoja anu digambarkeun dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat, boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mekarkeun kajian sastra Sunda, hususna dina analisis rumpaka kawih jeung réprésentasi wanoja. Ieu panalungtikan bakal mekarkeun pamahaman ngeunaan larapna tiori struktural jeung féminisme dina ulikan sastra, utamana dina kontéks karya seni musik.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat pikeun panalungtik séjén, pikeun masarakat jeung pikeun sumber pangajaran mahasiswa.

1) Pikeun Panalungtik Séjén

Hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtik séjén anu minat kana téma anu sarupa, boh dina ulikan sastra, musik, atawa *gender*.

2) Pikeun Masarakat

Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngaronjatkeun kasadaran masarakat ngeunaan pentingna ngaékspresikeun émosi jeung pangalaman wanoja dina seni, sarta ngadorong pangakuan kana peran wanoja di masarakat.

3) Pikeun Sumber Pangajaran Mahasiswa

Hasil panalungtikan ieu bisa digunakeun pikeun minangka bahan ajar di institusi pendidikan, utamana pikeun mahasiswa anu diajar sastra, musik jeung studi gender.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan baris diébréhkeun dina wangun saperti ieu di handap:

Bab I eusina mangrupa bubuka anu ngabahas ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung husus, ogé mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis tina ieu skripsi.

Bab II eusina ngeunaan tiori-tiori anu patali jeung panalungtikan, panalungtikan sameméh, jeung raraga mikir.

Bab III eusina ngeunaan ngajelaskeun métodologi panalungtikan anu digunakeun, ngawengku métode panalungtikan, cara ngolah data, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

Bab IV eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan anu fokus kana ulikan struktural jeung féminisme dina rumpaka kawih album “Kagoda” anu dipopulérkeun ku Dewi Azkiya.

Pamungkas, bab V eusina ngeunaan déskripsi kacindekan hasil analisis, implikasi sarta rékoméndasi pikeun nu maca.